



Pou Piblikasyon Imedya: 11/09/2021

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

NAN 20YÈM ANIVÈSÈ 11 SEPTANM LAN, GOUVÈNÈ HOCHUL PWOPOZE LEJISLASYON POU PÈMÈT MANM GAD NASYONAL YO POU KALIFYE KÒM VETERAN NAN KAD LWA ETA NEW YORK LA

Sitasyon pou onore manm Gad Nasyonal yo pou sèvis yo nan 11 septanm lan disponib [isit la](#)

Nan 20yèm anivèsè 11 septanm lan, Gouvènè Kathy Hochul te pwopoze lejislasyon ki t ap otorize manm Gad Nasyonal yo pou kalifye kòm veteran nan kad lwa Eta New York la. Gouvènè Hochul te pibliye tou yon sitasyon k ap onore manm Gad Nasyonal New York la pou sèvis egzanplè yo pandan ak apre evènman 11 septanm 2001 yo.

"Anpil manm Gad Nasyonal New York la ki te reponn nan 11 septanm pa elijib pou sèvis sipò enpòtan ak avantaj federal ak eta enpòtan akòz yo te rele yo an sèvis nan jou sa a anba yon lòd ijans men sa pa te pou sèvis federal aktif", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Nan 20yèm anivèsè 11 septanm lan, m ap entwodui lejislasyon ki pral asire tout manm Gad Nasyonal yo ki te jwenn lòd pou travay nan Ground Zero, epi ki pa te resevwa estati veteran atravè aktivasyon federal, pou yo rekonèt konplètman kòm veteran nan kad lwa Eta New York la. Gad Nasyonal New York la te la pou nou nan jou fènwa sa a epi n ap la pou yo."

Yo te rele plis pase 6,700 manm Gad Nasyonal Eta New York la pou sèvi an repons ak rekipasyon apre atak 11 septanm 2001 an. Se premye fwa nan istwa eta a ke manm Gad Nasyonal la ap jwenn rekonesans pou sèvis sa a ven ane de sa.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)